

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Avi ak Lèt Sekirite Sosyal



AVÈK KISA YON AVI SANBLE?

Yon avi Sekirite Sosyal ap gen ladan karakteristik sa yo:

- yon antèt ki toujou gen ladan non biwo a, epi anjeneral non pwogram Sekirite Sosyal, ak kalite avi a;
 - Social Security Administration
 - Supplemental Security Income (Revni Sekirite Siplemantè)
 - Notice of Change in Payment (Avi Chanjman nan Peman)
- yon nimewo telefòn Sekirite Sosyal ak/oswa adrès; epi
- yon siyati ak tit yon responsab Sekirite Sosyal.

POU KISA NOU VOYE YON AVI?

Avi yo se youn nan fason prensipal nou kominike avèk piblik la. Nou baze sou avi yo pou kominike desizyon, pou ba ou enfòmasyon sou [dwa ak responsabilite ou](#), epi pou dekri sa w ka fè si w pa [dakò](#) avèk desizyon nou.

Nou voye lèt administratif tou ki ka mande w pou rele oswa pou w vini nan biwo a, oswa pou voye enfòmasyon oswa [prèv](#).

POU KISA NOU VOYE YON AVI?

Kèlkeswa lè nou voye yon avi ba ou, se paske gen yon bagay ou ta dwe konnen oswa fè konsènan demann ou, sitiyasyon benefis ou oswa kantite lajan benefis ou.

Nou voye yon avi ba ou anvan nou fè yon chanjman nan kantite lajan benefis ou oswa nan elijibilite ou. Nou voye yon avi ba ou kèlkeswa lè nou dwe enfòme w osijè aktivite ki sou dosye ou.

Pa egzanp, si w ap resevwa benefis SSI epi [akò pou rete nan kay, revni](#) oswa [resous](#) ou chanje souvan, w ap resevwa yon avi chak fwa kantite lajan benefis ou chanje.

KISA NOU FÈ W KONNEN NAN AVI NOU?

Anjeneral, avi nou yo di sa ki annapre a:

- bi avi a;
- nenpòt aksyon nou planifye pou fè oswa nenpòt desizyon nou pran ak rezon ki fè nou pran desizyon an;
- nenpòt chanjman nan sitiyasyon benefis/kantite lajan peman ou ak dat kòmansman chanjman an;
- nenpòt aksyon ou ta dwe pran;
- sa w ta dwe fè si w pa dakò avèk desizyon an; epi
- fason pou kontakte nou.

KI CHWA KI GENYEN POU MOUN KI AVÈG YO?

Moun avèg yo ap resevwa avi nan kourye regilye premye klas, sof si yo fè demann yon apèl telefonik aprè yo jwenn lèt la avèk kourye regilye oswa avi nan kourye sètifye.

Chwa espesyal sa yo disponib sèlman pou sèten kalite sèvis. Pa egzanp, yo disponib pou avi ki kominike yon desizyon oswa yon aksyon ki planifye, men pa pou avi administratif tankou yon konfirmasyon randevou.

KI CHWA KI GENYEN POU MOUN KI PA PALE ANGLE BYEN?

Nou gen yon plan pou fè avi yo disponib ofi-amezi nan divès lang. Paske popilasyon nou ki pale Panyòl reprezante pi gwo gwoup moun ki pa pale Angle byen, nou fè prèske tout avi SSI yo disponib nan lang Panyòl. Pami avi ki pa disponib an Panyòl yo, genyen yon lèt eksplikatif ki ofri sèvis tradiksyon nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal.

KISA W TA DWE FÈ SI W GEN PWOBLÈM POU KONPRANN OSWA POU REPONN AVI NOU?

Kontakte nou si w pa konprann yon avi, oswa si w pa ka fè sa nou mande w nan tan nou bay pou sa. Si w gen avi a nan men ou lè w ap kontakte nou, n ap anmezi pou ede w pi vit. N ap eksplike w avi a epi n ap ede w fè sa w gen pou fè pou w satisfè responsablite ou.

Si w pèdi avi nou voye ba ou anvan w gen yon chans pou li oswa pou reponn li, kontakte nou. **Pa meprize avi a pou okenn sikonstans.** Si w fè sa, ou ka pèdi benefis yo oswa chans pou egzèse dwa ou.